

# Kesyon Moun Poze Souvan Sou Pinèz



## KISA PINÈZ YO YE?

Pinèz yo se ti bêt ki souse san moun ak san bêt. Yo piti, plat, mawon, epi oval. Yo pa gen zèl.

## KI APARANS PINÈZ YO GENYEN?

- Ze pinèz yo gen koulè blan epi yo gen fòm pwa. Lè pinèz yo fenk kale, yo klè epi yo pi pal. Ofiyamezi yo ap grandi, yo vin pi mawon.
- Gwo pinèz yo gen koulè mawon ki atire sou wouj, yo plat, epi yo oval. Si ou byen gade, ou ap wè ti plim kout, ki gen koulè lò sou yo. Pinèz yo pa gen zèl. Yo bay yon sant kanni, ki yon tijan dous. Lè yo fin manje, yo vin anfle epi yo wouj fonse.

## POUKISA PINÈZ YO SE YON PWOBLÈM?

Pinèz yo anvayi anpil gwo vil ak ti vil san rete, e bagay sa a tounen yon gwo pwoblèm. Se petèt paske gen plis moun ki ale nan peyi kote pinèz yo se yon pwoblèm. Epitou, gendwa se paske yo entèdi itilizasyon kèk pestisid pou lite kont enfestasyon pinèz.

## KIJAN PINÈZ YO ANTRE KAY MOUN?

Pinèz yo jeneralman antre lakay ou nan malèt ou, rad ou, oswa lòt zafè pèsònèl ou pote lè w ap vwayaje. Pafwa ou jwenn pinèz nan otèl yo. Pinèz yo kapab glise kò yo nan malèt ou epi ou menm ou pote yo

lakay ou. Yon sèl gress pinèz sifi pou li fè lòt pinèz anvayi lakay ou.

Epitou, li ra pou pinèz yo ranpe sou rad ou pou yo antre lakay ou. Yon mwayen ou itilize pi souvan pou pote pinèz anndan lakay ou se lè w achte epi mete rad pèpè sou ou oswa lè w achte mèb dezyèm men ki deja genyen pinèz.

## ÈSKE GEN MEZI MWEN KAPAB PRAN POU MWEN EVITE POTE PINÈZ ANNDAN LAKAY MWEN?

Wi, ou ta dwe byen gade mèb dezyèm men yo anvan w pote yo lakay ou.

Verifye apatman yo ak dòtwa yo. Lè w ap viv nan espas ki kwense, sa kapab fè pinèz anvayi w pi fasil. Yo souvan viv nan fant mi yo. Si yon apatman ki bòkote apatman pa w la genyen pinèz, ou gendwa genyen yo tou. Li pa p fasil pou rezoud pwoblèm pinèz la toutotan tout moun nan apatman ki anndan bilding lan pa pran mezi pou desitire yo.

Gade pou wè si apatman ki vid yo pa gen pinèz anvan w antre ladan yo. Pinèz yo kapab viv san manje pandan plizyè mwa.

## KI KOTE PINÈZ YO KACHE?

- Kabann (kouti, touf, ak jwen ki nan matla ak resò yo), somyè, tèt kabann, epi nan djanni ki anba kabann yo
- Kapèt ak kote ki kouvri jwen nan mi yo
- Dèyè papye panno ki lach yo
- Pli ki nan rido ak dra yo
- Revèy, radyo, oswa telefòn ki toupre yon kabann oswa yon tabdenu
- Anndan ak anba tiwa yo
- Ankadreman foto

## KI SIY KI MONTRE PINÈZ ANVAYI OU?

Men siy ki montre pinèz anvayi ou:

- Gen tach oswa mak ki pi fonse (yon tijan wouj oswa mawon) sou dra, tèt zorye, oswa matla yo, oswa nan zòn ki ozalantou yo akoz poupou pinèz yo

- Gen yon sant kanni ki fò
- Gen plizyè ti boul wouj ki grate sou po ou paske pinèz pike ou

## KISA KI PASE LÈ YON PINÈZ PIKE MWEN?

Pinèz pa bay moun maladi atrapan. Piki yo sanble ak piki piò ensèk ki souse san moun epi yo ka lakoz kèk iritasyon po. Gen kèk piki ou gendwa pa remake, men gen lòt ki ka fè pi gwo maleng.

## KIJAN MWEN KAPAB TRETE PIKI PINÈZ?

Lave kote yo pike w la ak yon savon antiseptic pou w ka redui enfeksyon an, epi reziste anvi grate a. Kontakte pwofesyonèl swen sante w la si piki a vin enfekte.

## KIJAN POU MWEN DESITIRE PINÈZ YO?

Si ou wè siy ki montre ou gen pinèz ki anvayi w, ou ta dwe byen gade nan tout kwen nan kay la pou dekovri si w gen pinèz.

- Idantifye sous la.
- Itilize yon aspiratè (depreferans youn ki gen filtè HEPA) pou w elimine pinèz yo ak po pinèz yo nan tout kwen kote ou wè yo oswa sispek yo kache. Fè sa pandan premye enspeksyon an epi omwen chak semèn apresa.
- Jete matla yo oswa fwote yo epi pase vakyòm sou yo; apresa fèmen matla a nan yon kouvèti matla ki gen zip. Lave tèt kabann yo ak somyè yo.
- Itilize yon mastik kalite siperyè ki abaz silikòn. Bouche tout jwen yo, kote ki fisire yo, ak kote yo ka antre nan mi yo, sitou nan yon distans 20 pye nan zòn kote pinèz yo te pike w la.
- Pinga ou itilize okenn pwodui pou touye ensèk poukont ou. Se pinèz yo l ap kale plis.

- Kontakte yon pwofesyonèl ki gen lisans nan zafè lit kont ti bèt nuizib.
- Depi w fin fè lesiv la, mete rad ak dra yo nan yon gwo sak plastik oswa pànye ki fèmen byen sere pou w anpeche pinèz anvayi yo ankò.
- Mete bagay ki netwaye yo (ki pa gen pinèz yo) apa jiskaske pinèz yo ale.

## KIYÈS KI RESPONSAB POU DESITIRE PINÈZ YO?

Nan piò ka yo, lalwa egzije pou mèt kay la oswa moun k ap jere pwopriyete a “pa kite pinèz anvayi kay la ak lokal yo epi se mèt kay la oswa moun k ap jere pwopriyete a ki dwe desitire tibèt nuizib yo” (MA: 105 CMR 410.550). Se mèt kay la ki pou reponn tout plent yo pote pou zafè pinèz.

Si yon moun ap lwe yon kay ki genyen yon sèl apatman, pwopriyètè a gendwa pa responsab ekstèminasyon an depi li fè antretyen nan kay la. Nan ka sa yo, lokatè a gendwa oblige peye.

Si ou se yon lokatè, kontakte mèt kay ou a pou li kapab pran yon ekstèminatè ki gen lisans pou idantifye ensèk la epi elabore yon plan ekstèminasyon oswa yon Plan Entegre pou Lite kont Ti Bèt Nuizib (Integrated Pest Management, IPM) pou desitire yo.

## RESPONSABLITE MÈT KAY LA OSWA PWOPRIYETÈ A

Ankouraje lokatè yo siyale prezans pinèz yo. Reponn plent yo rapid avèk enspeksyon ak entèvansyon.

## RESPONSABLITE LOKATÈ YO

- Suiv enstriksyon yo pou siyale prezans pinèz yo.
- Pote kole avèk pèsonèl la nan lit kont pinèz yo.

---

## Kiyès mwen kapab kontakte pou plis enfòmasyon?

Konsèy sante ki nan zòn ou an oswa:

**Bureau of Climate and Environmental Health  
MA Department of Public Health**  
250 Washington Street, 7yèm Etaj, Boston, MA 02108  
Telefòn: 617-624-5757 | Faks: 617-624-5777 | TTY: 617-624-5286  
[www.mass.gov/dph/environmental\\_health](http://www.mass.gov/dph/environmental_health)

Oktòb 2023

